

**ХАБАЕВ ИСМАIИЛ**

«Селхане йиццйинчу къоме тахане а кхоллалур яц, тахане йоцчу къоман кханенах даха дог а дац» – аьлча, вай харц хир дац. Вайна гуш, вай теш а долуш, Iилманца кхиа а кхуьуш, хийцалуш ду дуьне. Наха стигланийн хIаваашкахула некъаш дехкина а, нах беттан букъа тIе биссина а ю дикка хан.

Шайн синхьашташний, шайн догIмийн аьттонний адамаша ца беш, ца кхуллуш а гIирс битина а бац. Цу тIера дIадоладелла Iер-дахаран хатI хийцадалар а, адамийн ламасташ хийцадалар а, юкъаметтигаш хийцаялар а.

Чкъуьйригна хилла зие цкъа мацца а тIамаре кхочу. Делахь а, адам адам хилла дисна. Адамийн догIмаш тIехь керла меженаш ца евлла. Адам адам хилла диса дезаш ду, сийна цIе яьлла дуьне догуш лаьтташ делахь а. Адамалла дIаяьлча, адамна ша адам хилар дицделча, гучуйолу акхаралла. Акхаралла гучуяьлча, оьздангалла а дIайолу.

Адам галдолуш хуьлу, адам тиллуш хуьлу, гIалатдолуш хуьлу. Амма дикачух, нийсачух масал эца а, цуьнца нисдала а декхар ду хIора адам, Дала и экханах къастош, цунна делла хьекъал долу дела.

Ша мила ву-те, ша хьенан тIаьхье ю-те, ша хIун дохьуш, хIун дан веана ву-те дуьненчу, хIун дитина, хIун эцна воьду-те ша дIа а аьлла, ша-шега хаттар делла, оцу хаттарна жоп лахар ду стаг хилла ваха а, стаг волуш вала а Iалашо йолчу хIора стеган декхар.

«Нанас дена ма войла тешаме воцу кIант», – баьхначу нехан тIаьхье ю вай! «Нанас дена ма войла яхь йоцу кIант», – баьхначу нехан тIаьхье ю вай!

Хьо дIаваьллачу дийнахь хьох бухадуьсучу тоьшаллин даш тIера гIуьттуш Iаь а хир яцахь, оцу Iаьнаро дохдеш хьан верасийн дегнаш хир дацахь – хьо шозза велла хьуна. Хьуна бевзаш, хьо вевзаш мел хиллачу нехан, хьо хьахийча, хьо дагавеача, цIоцкъамаш тIунлуш хир дацахь, хьо кхузза а велла хьуна. Хьох эца дисина нахана цхьа а дика масал ца хиллехь – хьо бIозза а велла-кх хьуна.

Дикане сатуьйсург диканах теша веза. Вай тешна ду-кх диканах. Дикачу тIаьхьенах тешна а ду-кх вай. Дикачу наха деш ду къомах къам.

Къомах дика цIе йоккхуьйтурш а бу къоман дика нах, хьекъал долу нах. Дика нах бахьана долуш лаьттина бу хIара мохк, дика нах бахьана долуш латта безаш а бу хIара мохк!

*20l2 шо*